



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-670

Sijè: PWOMNAD LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 21 septanm 2018

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-670 ki gen dat 18 out 2011 lan.

Regleman sa a fikse prensip ak pwosedi k ap kontwole pwomand nan lekòl pou elèv nan tout nivo sistèm lekòl la. Li bay gid pou planifikasyon ak òganizasyon pwomnad pou elèv epi li rezime responsablite sipèentandan, direktè ak estaf. Li fikse pousantaj estaf ak lòt adilt ki defini aklè ak regleman pou jere sityasyon nan ka ijans.

Chanjman:

- Moun sipèentandan an sipoze pale avèk li a avan pou l apwouve nenpòt vwayaj entènasyonal la chanje kote se te “Asistan Sipèentandan anchèv pou sipèvizyon an” kounye a se “Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a” (Seksyon II (A)(2); Plan vwayaj).



CR)

Règleman Chanselye (Chancellor Regulation,

Nimewo: A-670

Sijè: PWOMNAD LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 21 septanm 2018

REZIME

Règleman sa a fikse prensip, règ ak pwosedi ki kontwole pwomnad nan lekòl. Li ranplase Règleman Chanselye A-670 ki gen dat 26 novanm 2008. Yo defini pwomnad nan lekòl kòm tout pwomnad otorize ki fèt andeyò lokal ekòl la, kèlkeswa kote oswa mwayen transpò yo itilize. Tout administratè ak estaf nan bilding lan ta dwe abitye ak règleman sa a pou asire ke pwomnad nan lekòl yo se eksperyans ki pote rezilta, lajwa epi ki fèt san danje.

I. OBJEKTIF

- A. Pwomnad lekòl bay elèv opòtinite pou obsève, eksplòre, fè dekouvèt ak patisipe nan eksperyans pratik. Lekòl yo ka patwone pwomnad yo avan, pandan oswa apre lè lekòl.
- B. Tout pwomnad nan lekòl ta dwe gen yon objektif edikatif oswa selebrasyon apwopriye epi yo dwe wè l kòm yon pwolonjman kourikoulòm lan ak anviwònman aprantisaj la.
- C. Pou tout pwomnad nan lekòl, direktè a ap gen responsablite pou asire yo pran swen pou garanti sekirite tout moun k ap patisipe yo.
- D. Règleman sa a aplike pou pwomnad Depatman Edikasyon (nou pral rele DOE apre) patwone kote se DOE ki gen prensipal kontwòl ak sipèvizyon.¹

¹ Règleman an ak fòm pou konsantman ki vini avèk li a pa aplike nan sitiyasyon kote yon lekòl fè regilyèman kou ak/oswa edikasyon fizik lòt kote. Nan ka sa yo, lekòl la dwe bay paran yo avètisman apwopriye epi fè sipèvizyon ak apran prekosyon ki apwopriye. Règleman sa a pa aplike pou echanj ant elèv oswa pou pwogram ki pa mande pou fè depasman lòt kote. Pwogram sa yo egzijè konsantman sipèentandan an alekri. Yo dwe kreye fòm konsantman ak dokiman pwomnad apwopriye pou pwogram sa yo nan kolaborasyon avèk sipèentandan an ak Biwo sèvis legal *Office of Legal Services*.

- E. Lè se yon asosyasyon paran/PTA oswa yon lòt gwoup ki gen rapò ak lekòl la ki patwone yon pwomnad, ou dwe kontakte Manadjè pou Fonksyonman ak Sipò ak/oswa Konseye anchèf nan Sant pou Sipò nan Lokal yo pou deside si pwomnad la se yon pwomnad DOE (nan ka sa a kondisyon ki tabli nan Regleman sa a aplike) oswa si se yon lòt moun k ap fè l.
- F. Lè yo detèmine se yon lòt moun k ap fè pwomnad la, yo dwe enfòmè paran yo aklè ke se pa DOE k ap fè pwomnad la epi yo dwe bay tout dokiman ki gen rapò ak pwomnad la tou.
- G. Lè yon òganizasyon ap planifye yon pwomnad ki mande pou yo peye, okonplè oswa anpati gade Regleman Chanselye C-110 *Chancellor's Regulation C-110* konsènan respè règ enterè sou depans pou vwayaj. Ou ta dwe ale kote Fonksyonè etik DOE a si w gen kesyon konsè zafè sa a.

II. PLANIFIKASYON AK LOJISTIK

A. toutan

1. Direktè dwe apwouve davans tout pwomnad nan lekòl. Yo konsidere pwomnad pwogram espesyal nan lekòl la (sa vle di club) òganize kòm pwomnad nan lekòl epi direktè a dwe apwouve yo davans.
2. Sipèntandan ki apwopriye a dwe apwouve pwomnad entènasyonal yo tou alavans. Avan sipèntandan an apwouve pwomnad la, li dwe detèmine si gen avètisman oswa konsèy pou peyi elèv yo ap vizite a. (Gade www.cdc.gov; www.travel.state.gov.) Si gen konsèy oswa avètisman sou vwayaj pou kote yo prale a, sipèntandan an dwe kontakte Chanselye a oswa reprezantan Chanselye avan li pran desizyon pou apwouve pwomnad la.
3. Yo dwe prepare yon plan vwayaj epi kenbe l nan dosye lekòl la pou tout pwomnad. Plan an dwe presize tout enfòmasyon, tankou moun ki an chaj, klas k ap patisipe, lojman, aktivite ak kote y ap vizite, non tout adilt k ap la, detay sou depa ak retou a, mwayen transpò ak konpayi ak kouvèti asirans (gade dokiman sipleman n° 1).
4. Direktè/reprezantan l dwe asire ke chak elèv ak manm estaf k ap patisipe nan yon pwomnad entènasyonal gen dokiman apwopriye (paegzanp paspò) pou vwayaje nan peyi y ap vizite a ak pou yo retounen Etazini. Sa pi enpòtan toujou pou elèv k ap vwayaje ak paspò ki pa paspò ameriken.
5. Direktè/reprezantan l dwe asire ke omwen yon manm estaf k ap akonpaye elèv yo nan pwomnad entènasyonal la gen yon telefòn ki gen sèvis entènasyonal.
6. Yo dwe bay elèv edikasyon espesyal transpò ak akomodasyon apwopriye dapre bezwen yo.

7. Yo dwe mete nan planifikasyon pwomnad la ijans medikal ak ka enprevi. Sipèvizè adilt yo sipoze vwayaje ak materyèl premye swen, nimewo telefòn pou sèvis ijans nan zòn lan ak nimewo telefòn kontak lakay pou ka ijans.
8. Lè y ap planifye yon pwomnad, estaf la ta dwe chèche konnen si gen tarif gouvènman oswa tarif pou lekòl ki disponib pou lojman, transpò, etc. Yo ta dwe toujou mande ekzonasyon nan taks epi yo ta dwe mete prè ekzonasyon an nan kominikasyon yo genyen ak founisè yo.
9. Avan direktè/reprezantan l apwouve yon pwomnad ki gen natasyon ladan l, li dwe asire gen yon sovtè *lifeguard* an pòs pandan toutan elèv yo gen otorizasyon pou naje. Yo pa p otorize pou elèv naje sofsi gen yon *lifeguard* an pòs.
10. Pou pwomnad ki gen objektif selebrasyon, lekòl yo dwe fè maraton *fundraising* pou ramase lajan pou pwomnad la.

B. Peman

Kotizasyon tankou pri admisyon ak lojman pa dwe egzajere. Yo pa dwe retire yon elèv akòz li pa ka peye frè yo egzije a. Lè sa apwopriye, lekòl yo ka ede elèv yo jwenn lajan pou yo ka patisipe.

C. Avi pou paran, fòm konsantman ak dokimantasyon*

1. Yo dwe avèti paran alekri avan yo planifye pwomnad la, yon fòm konsantman paran obligatwa pou chak pwomnad nan lekòl. Lekòl yo dwe itilize fòm konsantman ki aplikab nou mete avèk dokiman siplemantè No. 2, 3 ak 4 yo. Office of Legal Services dwe apwouve tout chanjman oswa modifikasyon ki fèt nan fòm sa yo alavans.
2. Yo pa p otorize okenn elèv ki poko gen dizuit lane patisipe nan pwomnad lekòl si paran, gadyen oswa yon moun ki pwòch li pa siyen yon fòm konsantman ki pèmèt elèv patisipe (gade dokiman siplemantè No 2 rive 4). Yon elèv ki gen dizuit lane oswa plis oswa ki se yon minè endepandan ka bay konsantman pou tèt li.
3. Fòm konsantman yo dwe idantifye aktivite ki mache ak ris (paegzanp natasyon, monte cheval, paten sou glas, itilizasyon ekipman espò) elèv yo pral fè nan pwomnad la epi yo dwe genyen demann presi otorizasyon paran an pou yo patisipe nan aktivite sa yo. Si yo egzije otorizasyon medikal alavans pou yon elèv patisipe nan pwomnad la ak/oswa pou l patisipe nan kèk aktivite, yo dwe genyen l avan pwomnad la,

* Nenpòt lèt oswa fòm konsantman ki gen rapò avèk regleman sa a yo voye ba paran, dwe ekri, lè sa ka fèt, nan lang oswa mòd kominikasyon paran an(yo) prefere a. Nan ka sa yo kote li pa posib pou jwenn yon tradiksyon konplè lèt la oswa fòm konsantman an, yo ta voye l ann anglè ak yon avi ki nan lang oswa nan mòd kominikasyon paran an (yo) prefere a ki di: "Lèt nou voye ba w la gen ladan enfòmasyon enpòtan sou pitit ou a. Tanpri fè yo tradui l pou ou pi vit posib."

D. Sipèvizyon

1. Direktè a dwe chwazi yon pwofesè lisansye, asistan direktè oswa yon lòt sipèvizè pou patisipe nan pwomnad la kòm moun ki gen responsablite pou pwomnad la anjeneral. Pou pwomnad ki gen rapò avèk pwogram izaj pwodui chimik, yo ka chwazi estaf SAPIS ki abitye responsab elèv kòm moun ki gen responsablite pou pwomnad la anjeneral.
2. Yo dwe bay sipèvizyon ki apwopriye pou chak pwomnad nan lekòl.
3. Pou tout pwomnad, manm estaf ki akonpaye elèv yo dwe soti nan lekòl k ap patwone pwomnad la. Si direktè a vle, li ka apwouve demann pou estaf ki soti nan yon lòt lekòl akonpaye elèv yo.
4. Lè yon pwomnad gen aktivite ki mache avèk ris (paegzanp, natasyon monte cheval, eski, eski sou glas, itilizasyon ekipman espò), direktè/reprezantan l dwe asire gen adilt apwopriye k ap sipèvizè pandan elèv yo ap fè aktivite a.
5. Yo dwe bay ekipman pwoteksyon pou aktivite a (kas pou monte cheval), lè sa apwopriye.
6. Ratio estaf-elèv
 - a) Pwomnad woutin lajounen nan Vil Nouyòk:

Pou elèv lekòl primè ak presegondè, yo egzije omwen yon (1) manm estaf ak de (2) lòt adilt pou jiska trant (30) elèv. Pou elèv lekòl segondè, yo egzije omwen yon (1) manm estaf ak yon (1) lòt adilt pou jiska trant (30) elèv. Manm estaf yo egzije a fèt pou se yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt adilt la (yo) ka yon paran volontè oswa yon manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.

Nen nivo primè, pou chak dis (10) elèv anplis, yo egzije yon adilt anplis. Nen nivo presegondè ak segondè, pou chak kenz (15) elèv anplis k ap patisipe, yo egzije yon adilt anplis.
 - b) Yon jounen andeyò vil la oswa pase nuit deyò:

Pou elèv lekòl primè, presegondè ak segondè, yo egzije omwen de (2) manm estaf ak yon (1) adilt pou jiska trant (30) elèv. Konsènan de manm estaf yo site pi wo a, yonn ladan yo dwe yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt manm estaf la ka yon manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la. Lòt adilt la (1) ka yon paran volontè oswa yon manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.

Nen nivo primè, pou chak dis (10) elèv anplis, yo egzije yon adilt anplis. Nen nivo presegondè ak segondè, pou chak kenz (15) elèv anplis k ap patisipe, yo egzije yon adilt anplis.

c) Vwayaj entènasyonal

Yo egzije omwen de (2) manm estaf ak yon (1) lòt adilt pou jiska kenze (15) elèv. Konsènan de manm estaf yo site pi wo a, yonn ladan yo dwe yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt manm estaf la ka yon manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la. Lòt adilt la (1) ka yon paran volontè oswa yon manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la. Pou chak dis (10) elèv anplis k ap patisipe, yo egzije yon adilt anplis.

d) Elèv edikasyon espesyal

Pou pwomnad lekòl ki gen elèv edikasyon espesyal, ratio estaf-elèv la ta dwe omwen menm avèk ratio yo egzije pou klas yo.

7. Kondisyon anplis pou natasyon ak aktivite ki gen rapò avèk dlo

a) Kantite elèv pa estaf pou natasyon ak aktivite ki gen rapò avèk dlo

Si elèv yo ap naje oswa patisipe nan aktivite ki gen rapò avèk dlo (paegzanp aviwon, kayak) yo dwe itilize ratio sa yo:

- (1) Pou elèv lekòl primè ak elèv lekòl presegondè, yo egzije omwen de manm estaf ak de (2) lòt adilt pou jiska kenze (30) elèv.
- (2) Pou elèv lekòl segondè, yo egzije omwen de (2) manm estaf ak de (2) adilt pou jiska trant (30) elèv.
- (3) Konsènan manm estaf yo site pi wo a, yonn ladan yo dwe se yon pwofesè oswa yon sipèvizè. Lòt manm estaf la ka yon manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.
- (4) De (2) lòt adilt yo ka paran volontè oswa manm estaf pedagogik (paegzanp pwofesè, sansè, konseye pedagogik, asistan sosyal) oswa yon parapwofesyonèl oswa yon èd nan lekòl la.
- (5) Nan nivo primè, pou chak dis (10) elèv anplis, yo egzije de adilt. Nan nivo presegondè ak segondè, pou chak kenz (15) elèv anplis, yo egzije de adilt anplis.

b) Yo ka otorize naje sèlman lè gen yon sovtè (*lifeguard*) an pòs. *Lifeguard* la dwe an pòs pandan toutan elèv yo ap naje.

- c) Elèv k ap patisipe nan aktivite ki gen rapò avèk dlo ki pa natasyon tankou kayak, *tubing* oswa aviwon dwe mete yon vès sovtaj *lifejacket* toutan.
 - d) Pou pwomnad entènasyonal, direktè/reprezantan l dwe asire gen sipèvizyon yon adilt ki apwopriye avèk aktivite elèv yo ap fè a.
8. Si yon elèv dwe kite yon pwomnad lekòl avan lè, yon manm estaf la dwe akonpaye l si yon paran pa ka vini pou elèv la.
 9. Kèlkeswa tip pwomnad la, li pa otorize pou rankontre oswa ranvwaye elèv nan yon lokal ki pa lekòl la sofsi fòm konsantman an presize sa espesyalman. Direktè/reprezantan l dwe pran responsablite anjeneral pou l akeyi elèv k ap retounen yo. Nan ka kote gen sikonstans ki fè li enposib pou yo ranvwaye elèv yo nan lokal ki nan kontra a, yo dwe kontakte paran yo epi enfòm yo sou sitiyasyon an, epi dwe gen estaf apwopriye lekòl la ki rete avèk elèv la jiskaske paran yo rive. Si yon paran pa janm vin chèche yon timoun epi yo pa rive jwenn paran an oswa moun pou kontak la , direktè a oswa reprezantan l dwe kontakte pòs polis ki pi pre a.
 10. Fanmi elèv ki gen paran yo akonpaye yo nan yon pwomnad klas pa otorize patisipe nan pwomnad la.
- E. Ka ijans
1. Elèv yo pa wè
 - a) Si yo pa wè yonn oswa plizyè elèv nan kote pwomnad la ap fèt la, yo dwe avèti otorite ki gen kontwòl zòn lan imedyatman pou fè yon rechèch. Si apre rechèch la yo pa ka jwenn elèv la(yo), yo dwe rele polis nan zòn lan imedyatman. Manm estaf ki anchaj la ansanm ak sipèvizè l dwe fè tout efò pou kontakte paran yo.
 - b) Yon manm estaf la dwe rete nan lokal la jiskaske yo jwenn tout elèv. Manm estaf ki anchaj la ap detèmine si lòt elèv oswa lòt adilt yo ta dwe kite lokal la. Y ap pran tout desizyon sa yo an kolaborasyon avèk sipèvizè manm estaf la. Yo sipoze kenbe paran yo okouran sou sitiyasyon rechèch y ap fè pou pitit yo.
 2. Maladi/chòk
 - a) Si yon elèv vin tonbe malad oswa resevwa chòk epi li bezwen èd, yo dwe avèti otorite sante ki apwopriye yo. Otorite medikal yo dwe pran yon desizyon sou gravite maladi oswa chòk la epi si li obligatwa pou yo ospitalize elèv la, yon adilt fèt pou akonpaye l. Yo dwe avèti paran yo imedyatman epi fè yo konnen kote timoun lan ye (lopital, etc.) ak nati maladi oswa chòk li resevwa a.
 - b) Manm estaf ki anchaj la ap deside si lòt elèv yo ak lòt adilt yo dwe kite lokal la, men yon manm estaf dwe rete jiskaske elèv ki malad oswa ki resevwa chòk la ka ale. Yo dwe pran tout desizyon sa yo an kolaborasyon avèk sipèvizè manm estaf la. Yo dwe enfòm paran yo sou kondisyon timoun lan si yo pa ka vwayaje pou vin nan lokal la.

III. MWAYEN TRANSPÒ

A. Lekòl ka itilize nenpòt nan mwayen transpò sa yo:

1. Sistèm transpò piblik (paegzanp tren, otobis);
2. Liy ayeryèn ki anrejistre
3. Otobis ki fè trajè nan Vil la oswa sistèm transpò vil la (e.g., Amtrak, Greyhound); ak/oswa
4. Otobis prive ki otorize, tankou otobis lekòl, jan yo di l pi ba a:
 - a) Nenpòt machin yo itilize pou transpòte elèv dwe respekte tout règ ak règleman federal, eta a, vil la ak reèleman DOE sou transpò elèv. Sa gen ladan, nòm yo fikse pou machin, chofè, asirans ak konpayi, ak lòt ankò. Yo dwe kontakte Biwo pou Transpò elèv Office of Pupil Transportation (OPT) pou jwenn yon lis konpayi ki ofri sèvis ki anrèg avèk nòm sa yo.
 - b) Pou mande yon otobis pou pwomnad nan lekòl nan OPT, tanpri kontakte Inite Pwomnad *Field Trip Unit* nan 718-784-3313. Inite sa a voye enfòmasyon ba tout lekòl avan kòmansman chak ane lekòl sou pwosedi pou jwenn otobis pou pwomnad. Tanpri gade pwosedi sa yo lè w ap mande sèvis otobis nan OPT.
 - c) Yo pa ka mennen elèv nan lokal pwomnad nan yon machin ki pa otorize ni nan machin prive.

IV. ASIRANS AK KONPANSASYON

- A. Pou pwomnad nan lekòl kote elèv ap patisipe nan aktivite ki gen gwo risk (paegzanp natasyon, monte cheval, eski, eski sou glas, itilizasyon ekipman espò), lekòl dwe gen dokiman nan dosye ki montre kote elèv yo ap vizite a gen kouvèti asirans konplè pou yon valè 2,000,000 dola pou pi piti pou chak sa ki rive ak garanti alekri ki soti nan lokal la ki di nòm sante, dife ak sekirite yo konfòm avèk sa kominote a egzije pou itilizasyon moun ki gen laj ant 4 ak 21 ane. Si yo pa resevwa dokiman sa yo, direktè a ap deside si li nòmal pou fè pwomnad la. Yo dwe achte asirans medikal pou gwoup pou ijans pou kouvri tout patisipan nan pwomnad entènasyonal.
- B. Si yon enstitisyon mande prèw asirans oswa si li mande DOE pou konpanse enstitisyon an pou aksyon anplwaye DOE, elèv oswa envite ki rive pandan pwomnad lekòl, direktè/repzantan l dwe kontakte Senior Field Counsel yo nome nan lekòl la epi li pa ka siyen okenn dokiman konsènan konpansasyon san konsantman Senior Field Counsel la.
- C. Yo dwe poze Senior Field Counsel ki apwopriye a tout kesyon konsènan asirans ak konpansasyon.

V. RESPONSABLITE

Dapre lwa Eta Nouyòk, estaf k ap sipèvize ak estaf k ap anseye ak patisipan ki otorize nan pwogram volontè nan lekòl ka jwenn reprezantasyon legal ak konpansasyon ki gen rapò ak reklamasyon ki fèt pou aksyon oswa sa yo neglije fè pandan anplwaye/volontè a t ap

aji nan kalite anplwaye leta epi li t ap fè travay li epi li pa vyole okenn règleman oswa prensip DOE nan moman swadizan aksyon oswa neglijan ki rive a. Si gen yon pwosè ki enplike yon anplwaye/volontè Depatman edikasyon, yo dwe kontakte Biwo sèvis legal Depatman an nan 212-374-6888 pou mande Corporation Counsel la reprezante l.

VI. EKSEPSYON

Chanselye a oswa reprezantan l ka anile règleman sa a oswa nenpòt pati ladan l si li jije li pi bon pou sistèm lekòl la.

VII. DEMAND RANSÈYMAN

Si gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo ba:

Manadjè pou Fonksyònman ak Sipò Sant Sipò pou Lokal yo nan Sant Sipò Lokal yo (Operations Manager) ak/oswa Sipèentandan an

PLAN PWOMNAD LA

YO DWE REMÈT DIREKTÈ LEKÒL LA YON ITINERÈ DETAYE ANSANM AK FÒM SA A

1. Lekòl: _____ Klas: _____
2. Kote nou prale: Yo pa otorize chanjman san nouvo fòm konsantman ak otorizasyon

3. Objektif pwomnad la: _____
4. Dat pwomnad la: _____
5. Lè y ap kite: _____ 6. Lè y ap retounen _____
7. Kantite elèv y ap pran: _____ 8. Kantite pwofesè: _____ Kantite lòt adilt: _____
9. Transpò obligatwa:
Piblik _____ Non otobis Charter a: _____ Lòt _____
10. Enfòmasyon sou depa (adrès ak konpayi transpò): _____
11. Enfòmasyon sou retou (adrès ak konpayi transpò): _____
12. Demann lese-pase pou transpò gratis Wi _ Non _____
13. _____ Apwouve: _____
Pwofesè anchaj _____ Direktè _____
14. Non ak enfòmasyon sou fason pou kontakte moun/konpayi ki te planifye pwomnad la:

15. Moun/konpayi k ap bay manje ak lojman: _____
16. Adrès ak nimewo telefòn pou lojman _____
17. Èske lekòl la jije lokal la gen ase kouvèti asirans ki konsistan avèk nivo risk ki genyen (paegzanp, pwomnad ou pa deplase konpare avèk pwomnad deyò, pwomnad aktif sou pan fizik)?
Wi _____ Non _____ Si w reponn wi, mete yon kopi kontra asirans lan.
18. Si gen natasyon nan pwomnad la, lekòl la ap chèche konnen si gen yon *lifeguard* an pòs toutan lè elèv yo ap naje. Wi _____

PWOMNAD K AP FÈT NAN LÒT PEYI

- A. Èske gen kèk avètisman oswa konsèy Depatman deta bay? (www.cdc.gov; www.travel.state.gov)
WI _____ NON _____
Si w reponn wi, tanpri eksplike: _____
- B. Èske w achte asirans medikal pou chak jou nan yon pwomnad ki fèt nan lòt peyi? WI _____ NON _____
(mete yon kopi asirans lan)
- C. Èske otorizasyon medikal alavans obligatwa? WI _____ NON _____ Si w reponn WI, mete yon kopi fòm medikal la pou chak elèv.
- D. Èske chak elèv ak manm estaf gen dokiman nesèsè apwopriye pou vwayaj nan peyi y ap vizite a ak pou tounen Etazini? ? WI _____ NON _____
- E. Kowòdonatè pwomnad la ap kenbe kopi paspò tout elèv.
- F. Omwen yon manm estaf ki akonpaye elèv yo dwe gen yon telefòn ki gen sèvis entènasyonal.
Non manm estaf la: _____ Nimewo telefòn: _____

MWEN SÈTIFYE KE YO SATISFÈ TOUT KONDISYON KI NAN CR A-670 KI GEN RAPÒ AVÈK PWOMNDA SA A.

19. APWOUVE _____ DAT _____
Direktè
20. APWOUVE* _____ DAT _____
Sipèentandan

Sipèentandan apwopriye a dwe apwouve vwayaj entènasyonal. Si gen konsèy oswa avètisman sou vwayaj pou kote yo prale a, sipèentandan an dwe kontakte Chanselye a oswa reprezantan Chanselye avan li pran desizyon si pou li apwouve vwayaj la.

SONJE: Nou ka voye lòt enfòmasyon sou pwomnad ansanm ak fòm sa a dapre sikonstans inik pou youn pwomnad anpatikilye. Tout lòt chanjman egzijje konsantman Biwo sèvis legal.

FÒM POU AVIZE PARAN/FÒM POU PARAN BAY KONSANTMAN
POU PWOMNAD LAJOUNEN

Non: _____ Klas: _____

Lekòl (mete lòt moun k ap patwone pwomnad la si genyen): _____ Dat pwomnad la : ____ / ____ / ____ rive : ____ / ____ / ____

Kowòdonatè pwomnad la: _____

Kote nou prale: _____

Kote n ap derape: _____ Lè n ap derape: _____

Kote n ap retounen: _____ Lè n ap retounen: _____

Mwyen transpò: _____

Objektif pwomnad la: _____

Abiman/ekipman espesifik ki nesèsè pou pwomnad sa a: _____

N ap fè nan pwomnad sa a aktivite fizik ak espòtif sa yo (paegzanp naje, monte cheval, patinaj sou glas, skiye, monte nan bato, elatriye): _____

a) Mwen konprann gen risk domaj ki mache avèk aktivite fizik ak espò nou pale pi wo a epi mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan tout aktivite sa yo eksepte nan sa yo:

b) Tanpri fè konnen pi ba a tout pwoblèm medikal tanporè oswa pèmanan oswa lòt kondisyon, ladan dyèt espesyal ak bezwen medikaman, oswa bezwen èd pou wè ak tande, nou ta dwe konnen konsènan pitit ou a:

c) Mwen dakò pou manm estaf ki responsab pwomnad la ka aji nan plas mwen, epi pou mwen peye frè yo pou yo bay pitit mwen an swen medikal, nan ka ijan si li ta pran chòk oswa si l ta malad.

d) Mwen konnen nou atann pou pitit mwen an byen konpòte l epi pou l suiv kòd disiplin ak règleman lekòl la.

- e) Mwen dakò epi mwen konprann mwen responsab pou zak pitit mwen an. Mwen pa bay lekòl la okenn responsablite ak reklamasyon ki ta rive akòz pwomnad la, eksepte si sa rive akòz neglijan responsab lekòl la.
- f) Mwen konprann mwen responsab pou m depoze pitit mwen nan lokal kote y ap derape a, ak pase pran l nan lokal kote y ap lage la apre a jan yo di sa pi wo a. Mwen konnen gen yon manm estaf la k ap akonpaye pitit mwen an lè li prale kote y ap derape a pou ale kote yo prale a, ak lè y ap retounen.
- g) Mwen konprann yo entèdi bwason alkolik ak/oswa dwòg epi mwen diskite sa avèk pitit mwen an. Mwen konprann si yo jwenn pitit mwen an gen bagay sa yo, lekòl la ap pran mezi disiplin kont li, epi li posib pou yo chaje l kòm kriminèl.
- h) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad alavni.
- i) Nan ka ijans, nou ka kontakte m nan: Lajounen: (____)_____ Aswè: (____)_____
Lòt kontak: Non: _____ Lajounen: (____)_____ Aswè: (____)_____
- j) Mwen bay pitit mwen an otorizasyon pou patisipe nan pwomnad lekòl sa a.

(Siyati paran/responsab)

(Dat)

DEKLARASYON ELÈV LA

(pou elèv lekòl presegondè ak segondè siyen)

Mwen li fòm sa a epi mwen konnen ke mwen sipoze konpòte m nan pwomnad sa a menm jan yo atann pou mwen konpòte m nan lekòl la.

(Siyati elèv la)

(Dat)



SONJE: Nou ka voye lòt enfòmasyon sou pwomnad ansanm ak fòm sa a dapre sikonstans inik pou yon pwomnad anpatikilye. Tout lòt chanjman egzije konsantman Biwo sèvis legal.

FÒM POU AVIZE PARAN/FÒM POU PARAN BAY KONSANTMAN L –
PWOMNAD POU PASE NUIT DEYÒ/PLIS PASE YON JOU

Non: _____ Klas: _____

Lekòl (lòt moun k ap patwone pwomnad la si genyen): _____ Dat pwomnad la: ___ / ___ / ___ rive ___ / ___ / ___

Kowòdonatè pwomnad la: _____

Kote nou prale: _____

Kote n ap derape: _____ Lè n ap derape: _____

Kote n ap retounen: _____ Lè n ap retounen: _____

Mwyen transpò: _____

Non otèl la ak nimewo telefòn li (si y ap pase nuit deyò): _____

Objektif pwomnad la: _____

Abiman/ekipman espesifik ki nesèsè pou pwomnad sa a: _____

Pwomnad sa a gen ladan aktivite fizik ak espòtif sa yo (paegzanp naje, monte cheval, patinaj sou glas, fè eski, monte nan bato, etc.) _____

a) Mwen konprann gen risk domaj ki mache avèk aktivite fizik ak espò nou pale pi wo a epi mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan tout aktivite sa yo eksepte nan sa yo:

b) Tanpri mete pi ba a tout pwoblèm medikal tanporè oswa pèmanan oswa lòt kondisyon, ladan dyèt espesyal ak bezwen medikaman, oswa bezwen èd pou wè ak tande, nou ta dwe konnen konsènan pitit ou a:

c) Mwen dakò pou manm estaf ki responsab pwomnad la ka aji nan plas mwen, epi pou mwen peye frè yo pou yo bay pitit mwen an swen medikal, nan ka ijans si li ta pran chòk oswa si l ta malad.

d) Mwen responsab pou m depoze ak pase pran pitit mwen an nan adrès yo di pi wo a, lè li prale ak lè li tounen. Mwen konprann gen yon manm estaf la k ap akonpaye pitit mwen an lè li prale kote y ap derape a pou ale kote yo prale a, ak lè y ap retounen.

e) Mwen konprann lekòl la ka chanje pwomnad la, akomodasyon ak lòt aranjman si yo jije li nesèsè pou fè sa. Y ap enfòme m sou chanjman sa yo depi sa posib.

f) Mwen konprann lè lekòl la fè aranjman vwayaj ak akomodasyon pou pitit mwen an, yo chwazi liy ayeryèn

komèsyal, tren, restoran, otèl ak lòt sèvis men lekòl la pa gen kontwòl sou pèfòmans ak sèvis yo. Pakonsekan, lekòl la pa responsab pou aksyon enstitisyon komèsyal sa yo, tankou bagay ki pèdi, lojman ki pa satisfèzan ak ranbousman, men se pa sa sèlman.

- g) Mwen konprann nou atann pou pitit mwen an byen konpòte l epi pou l suiv kòd disiplin ak règleman lekòl la.
- h) Mwen dakò epi mwen konprann mwen responsab pou zak pitit mwen an. Mwen pa bay lekòl la okenn responsablite ak reklamasyon ki ta rive akòz pwomnad la, eksepte si sa rive akòz neglijan responsab lekòl la.
- i) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad. Anplis, mwen konprann ke si yo rapòte yon vyolasyon grav ki rive pandan pwomnad la, se lekòl la k ap deside si pou l voye pitit mwen an lakay li, apre yo fin enfòm m. Mwen konnen ke si yo voye pitit mwen an lakay li pi bonè, mwen responsab pou tout depans ki fèt akòz ranvwa bonè sa a epi mmwen pèdi tout lajan mwen te peye ke lekòl la pa ranbouse.
- j) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad.
- k) Nan ka ijans, nou ka kontakte m nan: Lajounen: (____) _____ Aswè: (____) _____
Lòt moun yo ka kontakte : Non: _____
Lajounen: (____) _____ Aswè: (____) _____
- l) Mwen bay pitit mwen an otorizasyon pou patisipe nan pwomnad lekòl sa a.

(Siyati paran/responsab)

(Dat)

DEKLARASYON ELÈV LA

(pou elèv lekòl presegondè ak segondè siyen)

Mwen li fòm sa a epi mwen konnen ke mwen sipoze konpòte m nan pwomnad sa a menm jan yo atann pou mwen konpòte m nan lekòl la.

(Siyati elèv la)

(Dat)



SONJE: Nou ka voye lòt enfòmasyon sou pwomnad ansanm ak fòm sa a dapre sikonstans inik pou yon pwomnad anpatikilye. Tout lòt chanjman egzije konsantman Biwo sèvis legal. Fòm konsantman sa a pa aplike pou elèv ki nan pwogram echanj ak elèv ki pa p fè deplasman lòt kote.

FÒM POU AVIZE PARAN/FÒM POU PARAN BAY KONSANTMAN POU PWOMNAD ENTÈNASYONAL

Non: _____ Klas: _____

Si pitit ou a pa gen yon paspò ameriken, tanpri kontakte kowòdonatè pwomnad la. Peyi etranje yo gen diferan règleman sou viza ak pèmi pou vwayajè ki pa gen paspò ameriken.

Lekòl (mete lòt moun k ap patwone pwomnad la si genyen): _____

Dat pwomnad la: ____/____/____ rive ____/____/____

Kowòdonatè pwomnad la: _____

Kote nou prale: _____

Kote n ap derape: _____ Lè n ap derape: _____

Kote n ap retounen: _____ Lè n ap retounen: _____

Mwye transpò: _____ Non konpayi transpò a: _____

Non ak nimewo telefòn otèl kote yo prale a (mete itinerè a si y ap pase plizyè kote) _____

Objektif pwomnad la: _____

Abiman/ ekipman espesifik ki nesèsè pou pwomnad sa a: _____

Pwomnad sa a gen ladan aktivite fizik ak espòtif sa yo (paegzanp naje, monte cheval, patinaj sou glas, fè eski, monte nan bato, etc.): _____

a) Mwen konnen gen risk domaj ki mache ak aktivite fizik ak espò nou endike pi wo a epi mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan tout aktivite sa yo eksepte nan sa yo:

b) Tanpri mete pi ba a tout pwoblèm medikal tanporè oswa pèmanan oswa lòt kondisyon, ladan dyèt espesyal ak bezwen medikaman, oswa bezwen èd pou wè ak tande, nou ta dwe konnen konsènan pitit ou a:

c) Mwen dakò pou manm estaf ki responsab pwomnad la ka aji nan plas mwen, epi pou mwen peye frè yo pou yo bay pitit mwen an swen medikal, nan ka ijans si li ta pran chòk oswa si l ta malad.

d) Mwen responsab pou m depoze ak pase pran pitit mwen an nan adrès yo di pi wo a, lè li prale ak lè li tounen. Mwen konnen gen yon manm estaf la k ap akonpaye pitit mwen an lè li prale kote y ap derape a pou ale kote yo prale a, ak lè y ap retounen.

- e) Mwen konprann lekòl la ka chanje pwomnad la, akomodasyon ak lòt aranjman si yo jije li nesèsè pou fè sa. Y ap enfòmè m sou chanjman sa yo dèke sa posib.
- f) Mwen konprann lè lekòl la fè aranjman vwayaj ak akomodasyon pou pitit mwen an, yo chwazi liy ayeryèn komèsyal, tren, restoran, otèl ak lòt sèvis men lekòl la pa gen kontwòl sou pèfòmans ak sèvis yo. Pakonsekan, lekòl la pa responsab pou aksyon enstitisyon komèsyal sa yo, tankou bagay ki pèdi, lojman ki pa satisfèzan ak ranbousman, ak lòt aksyon ankò.
- g) Mwen konprann nou atann pou pitit mwen an byen konpòte l epi pou l suiv kòd disiplin ak règleman lekòl la.
- h) Mwen dakò epi mwen konprann mwen responsab pou zak pitit mwen an. Mwen pa bay lekòl la okenn responsablite ak reklamasyon ki ta rive akòz pwomnad la, eksepte si sa rive akòz neglijan responsab lekòl la.
- i) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad. Anplis, mwen konprann ke si yo rapòte yon vyolasyon grav ki rive pandan pwomnad la, se lekòl la k ap deside si pou l voye pitit mwen an lakay li, apre yo fin enfòmè m. Mwen konprann ke si yo voye pitit mwen an lakay li pi bonè, mwen responsab pou tout depans ki fèt akòz ranvwa bonè sa a epi mmwen pèdi tout lajan mwen te peye ke lekòl la pa ranbouse.
- j) Nan ka ijans, nou ka kontakte m nan:
Lajounen: () _____ Aswè: () _____
Lòt kontak: Non: _____
Lajounen: () _____ Aswè: () _____
- k) Mwen bay pitit mwen an otorizasyon pou l patisipe nan pwomnad lekòl sa a.

(Siyati Paran/Responsab)

(Dat)

DEKLARASYON ELÈV LA

(pou elèv lekòl presegondè ak segondè siyen)

Mwen li fòm sa a epi mwen konnen ke mwen sipoze konpòte m nan pwomnad sa a menm jan yo atann pou mwen konpòte m nan lekòl la. Mwen aksepte prensip ak règleman lekòl la ak DOE tabli pou pwogram entènasyonal. M ap respekte prensip ak règleman peyi etranje a. Mwen dakò pou m aksepte kondisyon vwayaj lekòl la chwazi a. M ap patisipe nan pwogram oryantasyon avan ak apre pwomnad lekòl la ak DOE ap fè a. Mwen konnen ke yo entèdi totalman tout bwason ki gen alkòl ak/oswa dwòg ilegal epi si yo jwenn mwen avèk yo oswa si yo jwenn mwen pran pwodui sa yo, y ap aplike pwosedi disiplin lekòl sou mwen epi ka gen pousuit kriminel kont mwen.

(Siyati elèv la)

(Dat)

GEN ENFÒMASYON SOU KONSÈY AK AVÈTISMAN POU VWAYAJ KI DISPONIB NAN
www.cdc.gov ak www.travel.state.gov.